



NYC Health + Hospitals: Sant Pride Health yo

Yon anviwònman swen sante ki an sekirite
epi ki akeyan pou moun LGBTQ+ yo.



Viv byen, viv an bòn sante.

NYC
HEALTH +
HOSPITALS



NOU SE YON ALYE

NYC Health + Hospitals angaje l pou l **bay moun ki madivin, masisi, biseksyèl, transjan ak queer+ (LGBTQ+)** nan New York mwayen pou yo viv **yon vi ki pi an sante posib.** Sistèm sante nou an bay swen ki adapte, ki montre konpasyon epi ak respè nan yon anviwònman ki akeyan. Nou gen yon apwòch ki santre sou pasyan an pou nou ka garanti yon aksè ki efikas, kèlkeswa lang li pale a oswa estati imigrasyon l. Gen sèvis entèpretasyon ki disponib.

Antanke yon alye, nou soutni dwa sivil ak egalite nan sante LGBTQ+ yo. Etablisman nou yo bay tout pasyan ak fanmi LGBTQ+ yo dwa vizit—epi nou gen zewo tolerans pou diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite oswa espresyon jan.

SWEN SANTE KI ADAPTE A BEZWEN W

Nou konprann antanke yon manm nan kominate LGBTQ+ yo, ou gen bezwen ak preyokipasyon patikilye nan kesyon swen sante. Sant Pride Health nou yo sèvi kòm espas enpòtan pou Nouyòkè LGBTQ+ yo resevwa swen sante pou yo chanje seks. **Founisè ki nan sant sa yo resevwa fòmasyon entansif** pou yo konprann kijan pou yo bay swen ki adapte ak kilti moun nan. Klinisyen nou yo la pou yo reponn ak bezwen sante patikilye w yo epi pou yo reponn ak tout kesyon w yo nan yon anviwònman ki an sekrite epi ki akeyan.



SÈVIS NOU YO

- + Swen prensipal, ki gen ladan I vaksen, terapi òmonal ak referans pou jwenn sèvis chirijikal
- + Sèvis ak referans nan kesyon sante konpòtmantal
- + Medikaman pou anpeche moun pran VIH anvan li ekspoze ak viris la (Pre-exposure prophylaxis, PrEP)
- + Medikaman pou anpeche moun pran VIH apre li fin ekspoze ak viris la (Post-exposure prophylaxis, PEP)
- + Depistaj ak tretman VIH
- + Depistaj ak tretman enfeksyon seksyèlman transmisib yo (Sexually transmitted infection, STI)
- + Navigasyon ak enskripsyon nan asirans
- + Tretman pou bloke pibète nan Jacobi ak Judson
- + Swen obstetrik/jinekolojik pou chanje sèks nan Bellevue, nan Gouverneur, nan Jacobi, nan Judson, nan Lincoln ak nan Metropolitan
- + Antrènman vokal nan Lincoln





Nou fè operasyon **pou moun chanje sèks** sa yo nan Lincoln ak nan Metropolitan:

- + Operasyon nan pwatrin
- + Isterektomi
- + Ovaryektomi
- + Operasyon pou bese tras cheve a
- + Bay zo fwon yon lòt fòm/refè sinis fwontal
- + Machwè mandibilè (jenyoplasti ak reseksyon ang lan)
- + Razaj trache a
- + Rinoplasti
- + Ogmantasyon pomèt
- + Septoplasti

Pou w jwenn lis konplè sou sèvis nou ofri yo epi pou w jwenn plis enfòmasyon sou chak operasyon ak sou lòt sèvis tankou konsèy finansye ak asirans, [klike la](#).

Adrès:

Brooklyn

WOODHULL

Laj pasyan an: Granmoun (apati 18 làne)
760 Broadway, Room 2B-151 (Main Floor)
Brooklyn, NY 11206
Telefòn: 718-963-8068

Bronx

JACOBI

Laj pasyan an: Tout laj
1400 Pelham Parkway South, Building 8
1st Floor, Suite 1D, Bronx, NY 10461
Telefòn: 718-918-7787

LINCOLN

Laj pasyan an: Granmoun (apati 18 làne)
234 East 149th Street, 8th Floor, Suite 8A
Bronx, NY 10451
Telefòn: 718-579-5264

Manhattan

BELLEVUE

Laj pasyan an: Granmoun (apati 18 làne)
462 First Avenue, New York, NY 10016
Telefòn: 212-562-8416

GOUVERNEUR

Laj pasyan an: Granmoun (apati 18 làne)
227 Madison Street, 2nd Floor
New York, NY 10002
Telefòn: 212-441-5469
Imel: gouvlgbtq@nycchc.org

JUDSON

Laj pasyan an: Adolesan ak jèn moun (jiska 29 làne)
34 Spring Street, New York, NY 10012
Telefòn: 212-925-5000, opsyon 2

METROPOLITAN

Laj pasyan an: Tout laj
1901 First Avenue, 7th Floor South
New York, NY 10029
Telefòn: 212-423-7292
Imel: metlgbt@nycchc.org



RETE KONEKTE. SWIV NOU.

nychealthandhospitals.org